# МИЛЛИЙ ИДЕЯ ҲӘМ РУЎХЫЙЛЫҚ  ТИЙКАРЛАРЫ, ТАРИЙХ, ФИЛОСОФИЯ

## ДҮНЬЯЛЫҚ МӘМЛЕКЕТ ДЕГЕН НЕ?

***Абаев С.***
*Әжинияз атындағы НМПИ Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасының доценти,*
*Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген билимлендириў  хызметкери*

**Таянч сўзлар:** конфессиялар, Конституция,жамият, дунёвий давлат, принциплар ва нормалар, диний фанлар, фуқаро, дин.

**Ключевые слова:** конфессии, Конституция, общество, светское государство, принципы и нормы, религиозные науки, гражданин, религия.

**Key words:** confessions, Constitution, society, secular state, principles and norms, religious sciences, citizen, religion.

Жаңа редакциядағы Конституция миллетлер, конфессиялар арасында татыўлық ҳәм қәўипсизликти тәмийинлеў мақсетинде Өзбекстанның «дүньялық мәмлекет» сыпатындағы статусын да беккемледи. Усы тийкарда, буннан былай да, мәмлекетимизде миллетлер, конфессиялар арасында татыўлық ҳәм қәўипсизликти тәмийинлеў сиясатының жедел даўам еттирилетуғыны, жәмийетимизде ҳәр қандай радикалласыўға пүткиллей жол қоймайтуғыны атап өтилди.

Жаңаланған Конституцияда биринши мәрте Өзбекстан Республикасына дүньялық мәмлекет деп тәрийип берилди. Бул пикир, усынıслар Президентимиз Шавкат Мирзиёвтың усынысы менен әмелге асты.

Ҳәзирги заманда цивилизацияның алдынғы қатарында баратырған еллердиң дерлик барлығы дүньялық мәмлекет болып табылады. Дүньялық мәмлекет дин мәмлекеттен ажыратылған, мәмлекеттиң ишки ҳәм сыртқы сиясатына араласпайтуғын, мәмлекет өз функцияларының ҳеш қайсысын диний шөлкемлерге жүклемейтуғын, мәмлекетлер диний шөлкемниң күнделикли ислерине араласпайтуғын мәмлекет болады. Дүньялық мәмлекетте ҳеш бир динге артықмашылық берилмейди, барлық динлердиң нызам алдында теңлиги реал әмелге асырылады. Онда билимлендириў системасы диннен ажыратылады, оқыў системасының мазмунына диний пәнлер киргизилмейди.

Әлбетте, дүньялық мәмлекетте дин мәмлекеттен ажыратылғанлығы менен ол жәмийеттен ажыратылыўы мүмкин емес. Усы жағдайдан келип шыға отырып, динниң жәмийетлик мәнаўий-тәрбиялық роли тән алынады.

Мәмлекетлердиң динге мүнәсибети бойынша екиге бөлиў мүмкин: Дүньялық ҳәм диний. Дүньялық мәмлекет дегенимиз – дүньялық принциплерге, илимге, адамлардың азатлық, теңлик қағыйдаларына тийкарланатуғын ҳәм инсан ҳуқықлары конституциялық дәрежеде тән алынатуғын ҳәм оған әмел ететуғын демократиялық улыўма инсаныйлық қәдириятлар системасының ең әҳмийетли буўыны.

Улыўмаластырып айтқанда, дүньялық илим дегенимиз бизди қоршаған объектив дүнья, тәбият ҳаққындағы жәмийетлик қатнасықлардың мәниси туўралы илимлер болады. Олар тиккелей бизди қоршаған әлемниң тәбият ҳәм жәмийеттиң нызамларын изертлеў арқалы қәлиплеседи. Диний илимлер дегенимиз – муқаддес китаплар, қураны карим, Ҳадислер ҳәм адамзатты Алла жаратқанлығы, адамлардың жасаў тәртиби, ҳадаллық, әдеп-икрамлылық, ийман, о дүнья, бейиш ҳәм дозақ ҳаққындағы ҳәм сол сыяқлы билимлер системасы есапланады.

Соны да айрықша атап өтиў орынлы, диний илимлер қурамында дүньялық илимлерге де тән болған билимлер көплеп ушырасады ҳәм адамгерgиликли жасаў тәртиби ҳаққындағы оғада унамлы пикирлерге бай идеяларды өзинде жәмлестирген.

Диний ҳәм дүньялық билимлерди бир-бирине қарсы қоймаў кереклигин пүткил адамзат тарийхы дәлиллеп отыр. Керисинше, олар бир-бирин толықтырып, байытып турады. Бул пикирдиң дурыслығын ислам дининиң жәнe дүньялық ҳәм диний илимлердиң раўажланыўына унамлы тәсир еткенлигин де айқын көремиз. **Өзбекстан Республикасының жаңаланған Конституциясында** дүньялық мәмлекетке тән болған принциплер ҳәм нормалар өз сәўлелениўин тапқан.

Өзбекстан Республикасының Конституциясында барлық пуқараларға ҳүждан еркинлигине ийе болыўына кепиллик берди. Мәселен, 35-статья **«Ҳүждан еркинлиги ҳәмме ушын кепилленеди. Ҳәр ким қәлеген динге исениўге ямаса ҳеш бир динге исенбеў ҳуқықына ийе. Диний көзқарасларды мәжбүрий сиңдириўге жол қойылмайды»**, деп айрықша тәрийип берилди. Мәмлекетимиз дин ҳәм ҳүждан еркинлигине үлкен әҳмийет бере отырып, халықтың мәнаўиятына сәйкес келетуғын ийман, исеним, әдиллик, инсап, турақлылық, мийрим-шәпәәт, ар-намыслы, ҳадаллық, шын сөзлилик, әдеп-икрамлық, сақаўатлылық сыяқлы пазыйлетлерди раўажландырыў ҳәм беккемлеўди тийкарғы ўазыйпа етип белгиледи.

Ҳәзирги дәўирде ҳүрметли Журтбасшымыз Шавкат Мирзиёев басшылығында халқымыз Жаңа Үшинши Ояныў дәўирине қәдем тасламақта. Ҳақылы түрде бүгинги раўажланыў басқышымыз «Жаңа Өзбекстан ҳәм

Үшинши Ренессанс» сөзлери менен белгиленип, халқымызды жаңа мақсетлерге ҳәм шеклерге бағдарламақта.

Үшинши Ренессанстың төрт тығыз ҳалқасы болған бақша, мектеп, жоқары оқыў орны ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў мәселелерин де Конституциялық беккемлеў зәрүр.Булардың бәршеси Жаңа Өзбекстанды қурыў ушын бизге конституциялық реформалар зәрүрлигинен дерек береди.

Жаңа Өзбекстанды қурыў, еркин ҳәм әдил пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўге қаратылған өз ара байланыслы ҳәм өз ара шәртленген демократиялық сиясий, экономикалық, социаллық ҳәм ҳуқықый терең реформаларды конституциялық жақтан тәмийинлеў нәзерде тутылған.

Журтбасшымыз өз шығармасында атақлы мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик искер Шарл де Голлдың мына сөзлерин келтиреди: «Солон айтқанындай, Конституция бир халыққа белгили бир дәўирде жақсы. Оны жансыз дене сыяқлы мумияламаў лазым».

Және бир атақлы мәмлекетлик искер Уинстон Черчилдиң «жақсы болыў ушын – өзгериў керек, ал жақсылардың жақсысы болыў ушын және де көбирек өзгериў керек» деген сөзлеринде де терең турмыслық мәнис жәмленген.

Улыўмаластырып айтқанда, Жаңа Өзбекстанды қурыў барысында Конституциялық реформаларды әмелге асырыўдан гөзленген мақсет – Ўатанымыздың раўажланыўы, халқымыздың абаданлығын жаңа басқышқа көтериўден ибарат.

**Әдебиятлар:**

1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. Т., «O‘zbekiston», 2023
2. Закон Республики Узбекистан «Об образовании» от 23.09.2020г., № ЗРУ – 637.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада янги таҳрирдаги Конституция миллатлар, конфессиялараро тотувлик ва хавфсизликни таъминлаш мақсадида Ўзбекистоннинг “Дунёвий давлат” сифатидаги статусини мустаҳкамлади ва шу асосда бундан буён ҳам мамлакатимизда миллатлар, конфессиялараро тотувлик ва хавфсизликни таъминлаш сиёсатининг жадал давом эттирилиши ҳақида айтиб ўтилади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье новая редакция Конституции закрепила статус Узбекистана как «светского государства» в целях обеспечения национального, межконфессионального согласия и безопасности, и на этой основе отмечается, что политика обеспечения национального, в нашей стране будут интенсивно сохраняться межконфессиональное согласие и безопасность.

**SUMMARY**

In this article, the new edition of the Constitution consolidated the status of Uzbekistan as a “secular state” in order to ensure national, interfaith harmony and security, and on this basis it is noted that the policy of ensuring national interfaith harmony and security will be intensively maintained in our country.